Injiil bi ngir Xale yi

Kii di ko xamlé

Juddub Yeesu



Ki ko bind: Edward Hughes
Ku def illustration bi: M. Maillot
Ki def adaptation bi: E. Frischbutter; Sarah S.
Ki ko tekki: Christian Lingua
Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2018 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.


Bu yagg yagg, Yàlla yondé Malaaka Jibril ci benn xalee bu jiggeen bu rafeet te di Yawut te tuddu Maryaama. Mu ne ko, "Dinga jur doom ju góor te dinga ko tudde Yeesu. Dina ñu ko woowé doomu Aji kawé gi. Dina nguuru ba faw."

Maryaama yeemu ne ko: "Lii na ka la mëna ame? Musuma xam benn góor." Malaaka bi ne Maryaama ni xale bi ci Yàlla lay joggé. Ni du am baayu nit.

Malaaka bi wax
Maryaama it ne ku mu
bookal Elisabet dafa
ëmb ci maggetaayam.
Lii itam keemaan la
woon. Ba loolu ame
Maryaama dem
seeti Elisabet.
Ñu booloo
maggal Yàlla.

Maryaama dafa waaroona sey ak ku góor ku tuddu Yuusufa. Yuusufa tiis ba mu yeggé ni Maryaama dafa ëmb. Mu xalaat ni benneen góor moo nekkoon baay bi.



Ci gent, malaakay Yàlla ne Yuusufa ni xale bi Doomu Yàlla la woon. Yuusufa dafa waaroona dimbali Maryaama ci samm Yeesu.

Yuusufa woolu Yàlla te deggël ko it. Mu topp itam yoon yu dëkkëm tërël. Ndax yoon bu bées bi, moom ak Maryaama ñu deluwaat ci seen dëkk Betleyem, ngir fay seeniy taks.



Waxtu bu
Maryaama waaroona
mucc agsi. Wante
Yuusufa mënuta woon
a gis negg feen.
Obers yi yëpp
dañu feesoon.

Yuusufa mujje gis ap bërëp. Foofu, la goone gi Yeesu juddoo. Yaayam tërël ko ci leKkukaayu jur gi, maanaam ci bërëp bu ñu tamm di defal mala yi lekk.

Lu sooriwul dara fañu nekkoon, amoon na ay sàmmkat yu doon wottu jur gi doon nelaw. Malaakay Yàlla feeñu leen ngir xamal leen xebaar bu neex bi.

"Tey jii ca dëkku °Daawuda, ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy °Almasi bi, di Boroom bi. Dingeen gis liir bu ñu laxas ci ay laytaay, tëral ko ci lekkukaayu jur."

Bi mu waxee loolu, yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan, ànd ak moom, di sant Yàlla naan: "Nañu màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa, te ci àddina,



na jàmm wàcc ci nit, ñi mu nangu ndax yiwam."

Ñu daldi gaawantu dem gis liir ba ñu tëral ca lekkukaayu jur ga. Bi ñu léen gisee, ñu nettali lu leen malaakayi waxoon ci mbirum Yeesu.

Ba ñeent fukki fan jaalé, Yuusufa ak Maryaama yoobu Yeesu ci këru Yàlla ci Yerusalem. Foofu góor bu ñuy woowé Simeyon màggal Yàlla ndax liir bi, ak maggeet bii di Aana, benneen jammi boroom bi di ko gërëm itam.

Ñoom ñëpp xamoon nañu ne Yeesu mooy Doomu Yàlla, Musalkat bu ñu diggewoon. Yuusufa saraxe ñaari pitax. Lii mooy maye bu yoonu Yàlla waxoon ni miskin yi waaroon nañu ko indi bu ñuy indi liir bu bees ci këru Boroom bi.

Ay waxtu topp ci,
mu am ap biddeew
bu indi ay boroom
xam-xam ci dëkku
Yerusalem yu
joggé ci
benn dëkku penku.
Ñu laajté naan "Ana kii
juddu nekk Buuru Yawut yi?
Dañu koo bëgge màggal."

Buur bi Erodd degg borom xam-xam yi. Mu jaaxle, mu ñaan leen ñu wax ko fu Yeesu nekk bu ñu ko gisse. Mu dooli ci ne: "Man itam dama kaa bëgge màggal". Wante dafa doon fen. Erodd dafa bëggoona rey Yeesu.

Bideew bi yoobu borom Xam-xam yi ci kër ga fu Maryaama ak Yuusufa dëkkoon ak liir bi. Ñu sukk te màggal ko, ñu may Yeesu wurus ak cuuraay.

Yàlla artu borom Xam-xam yi ñu ñibbi seen réew te baña wax kenn. Erodd daldi mer lool. Mu fasyeene rey Yeesu, buur bu bon bi rey liir yu góor yu nekkoon ci Betleyem yepp.

Wante Erodd mënutawoona gaañ Doomu Yàlla bi! Ba ñu ko artoo ci biir gént, Yuusufa jël Maryaama ak Yeesu gàddaayu jëm ca réewu Misra.

Ba Erodd faatoo
Yuusufa gen reewup
Misra indiwaat
Maryaama ak
Yeesu ci seen
dëkk.

Ñu dëkk ci dëkk bu ndaw bu ñuy
wax Nasaret, te mu nekk ci wëtu géeju Galile.

Juddub Yeesu

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Macë 1-2, Luug 1-2

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf ñuy wax ci suñu
Yàlla bu yeeme bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal lii Yàlla:
Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla, nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima ngir ma mën la déggël té di dund ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla bës bu nekk! Yowaana 3:16